

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode asalna tina basa Latin nyaéta *methodos* anu hartina cara-cara, strategi pikeun maham kana réalitas, léngkah-léngkah sistematis dina ngungkulan runtuyan sebab-akibat. Méthode miboga fungsi pikeun ngungkulan pasualan dina panalungtikan (Ratna, 2015 kc 34). Lantaran éta, unggal panalungtik merlukeun méthode anu luyu jeung udagan anu bakal dihontal jeung ahirna nyangking atawa maham kagemblengan pasualan anu nyampak.


Nilik kana wandana ieu panalungtikan téh kagolong kana panalungtikan kualitatif, lantaran éta, méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh méthode déskriptif-analitik. Méthode déskriptif-analitik téh minangka méthode anu dilakonan ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu satuluyna dianalisi. Ari cara gawéna nyaéta pikeun ngagambarkeun jeung méré pamahaman ngeunaan fakta-fakta anu nyampak dina objék panalungtikan (Ratna, 2012 kc 53). Teu ukur ngagambarkeun, tapi ogé ngaanalisis ku jalan maluruh rélasi antara data (fakta), anu nyumput dina data (fakta). Ari nu jadi rélasi dina ieu data téh sifatna kausalitas atawa sabab-akibat (il. Faruk, 2012, kc. 25).

Fakta-fakta nu dimaksud dina ieu panalungtikan téh, nyaéta data ngeunaan struktur carita, citra jeung steréotip wanoja nu nyampak dina novel *Marjanah*. Ari citra jeung steréotip anu dipaluruh téh patali jeung réngkakpolah jeung kajiwaan tokoh dina éta novel. Nilik kana éta hal, méthode déskriptif-analitik téh luyu pikeun dipilih jeung dipaké dina ieu panalungtikan.

Pikeun maluruh atawa ngaanalisis data, ieu panalungtikan téh ngagunakeun ulikan struktural jeung féminisme, utamana féminisme kana kritik idiologi. Ulikan struktural sorangan medar ngeunaan struktur otonom carita dina ieu novel. Ari nu dipedarna téh nyaéta téma jeung fakta carita (galur, latar, jeung karakter), sedengkeun ulikan féminisme medar pasualan kritik idiologi anu husus nalungtik citra jeung stéréotip wanoja tur naon sababna wanoja 'diapilainkeun' dina sawangan lalaki.

Pikeun nyusun, nalaah, jeung medar sumber data nepi ka nganalisis data téh diperlukeun desain panalungtikan. Ari udaganana sangkan panalungtikan téh puguh jeung ngentép-seureuh. Patali jeung éta, ieu di handap didadarkeun desain panalungtikanana.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Téhnik Panalungtikan

Pikeun medar jeung ngadadarkeun data struktur cerita, citra jeung stéréotip wanoja dina novel *Marjanah*, dibutuhkeun téhnik panalungtikan anu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun kabéh pangabutuh patali jeung sumber data katut datana, digunakeun téhnik studi pustaka. Téhnik studi pustaka téh pikeun nangtukeun sumber data sarta maluruh data anu raket patalina jeung pangaweruh ngeunaan sastra, boh dina hal tiori boh dina hal sajarah sastra.

Tsany Nurfajriani, 2018

CITRA JEUNG STÉRÉOTIP WANOJA SUNDA DINA NOVEL MARJANAH KARANGAN S. DJOJOPUSPITO:
Ulikan Struktural jeung Féminisme

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ari pikeun maluruh data karakter sarta citra jeung stéréotip wanoja dina novel *Marjanah*, digunakeun téhnik fokalisator. Ari fokalisator téh nyaéta subjék atawa jalma anu nyaritakeun runtuyan peristiwa dina carita. Ari fokalisator téh bisa waé dilakukeun ku tokh dina éta carita atawa ku pangarangna langsung (il. Luxemburg, dkk., 1992, kc. 131).

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus kakumpul téh terus diolah ngagunakeun téhnik analisis jeung interprétasi. Téhnik analisis téh nyaéta téhnik anu digunakeun pikeun ngaanalisis data. Ari data anu dianalisis téh patali jeung data struktur nu nyampak dina novel *Marjanah*.

Téhnik interprétasi nyaéta téhnik pikeun méré sawangan atawa tapsiran kana hiji data anu kapanggih. Ari data anu ditapsirkeun téh nyaéta ngeunaan citra jeung stréréotip wanoja anu nyampak dina novel *Marjanah*.

3.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data digunakeun pikeun ngababarikeun milih jeung milah data nu kapanggih tina sumber data panalungtikan.

Tabél 3.1
Instrumen Mupu Data Unsur-unsur Stuktur Karya

No.	Struktur Cerita	Analisis Struktur	Sempalan Carita/Keterangan
	Téma		
	Galur		
	Latar		
	Karakter		
	Judul		
	Puseur Sawangan		
	Simbolisme		

Tabél 3.2
Instrumen Mupu Data Unsur-unsur Féminisme

No.	Fokalisator	Tokoh	Citra jeung Stéréotip Wanoja	Sempalan Carita	Kaca

Tsany Nurfajriani, 2018

CITRA JEUNG STÉRÉOTIP WANOJA SUNDA DINA NOVEL MARJANAH KARANGAN S. DJOJOPUSPITO:
Ulikan Struktural jeung Féminisme

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.3
Instrumen Ngolah Data Téhnik Interpretasi

No.	Status Wanoja	Tokoh	Citra	Stéréotip

Tabél 3.4
Instrumen Analisis
Hubungan Strukturalisme jeung Féminisme

No.	Data Stukturalisme		Data Féminisme	
	Ngaran Tokoh	Pasipatan Tokoh	Citra	Stéréotip

3.4 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.4.1 Data Panalungtikan


Data dina ieu panalungtikan téh nyaéta struktur carita tur citra jeung steréotip wanoja nu nyampak dina novel *Marjanah*. Ari citra jeung steréotip anu dipaluruh téh patali jeung réngkak polah jeung kajiwaan tokoh wanoja dina éta novel.

3.4.2 Sumber Data Panalungtikan

Anu jadi sumber data struktur carita tur citra jeung stéréotip wanoja Sunda téh nyaéta novel karangan S. Djojopuspito anu judulna *Marjanah*. Ieu novel mimiti dicetak ku *Balé Pustaka* taun 1959. Ari ditulisna mah taun 1937. Sabada éta, ieu novel téh tacan ngalaman cetak ulang.

3.4.2.1 Idéntitas Novel *Marjanah*

Novel *Marjanah* téh mimiti dicetak ku *Balé Pustaka* taun 1959. Ari ditulisna mah taun 1937 (katiten tina titimangsana). Ieu novel téh ngawengku 20 subjudul, nyaéta "Keur meujeuhna panas poé", "Naon gara-garana", "Si Pinuk", "Ku deukeut ari pati", "Panto ngagerét ti peuting", "Bapa Supi", "Ama djeung ibu", "Paturay", "Papastén", "Jack", "Sobat anjar", "Surat ti Jack",



Tsany Nurfajriani, 2018

CITRA JEUNG STÉRÉOTIP WANOJA SUNDA DINA NOVEL MARJANAH KARANGAN S. DJOJOPUSPITO:
Ulikan Struktural jeung Féminisme

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

"Buku kandel", "Sobat heubeul", "Sutrisna", "Kembang Agustus maridang", "Anu imut dina potrét", "Jack jeung Martinah", "Njai Sati", jeung "Impian anu ngora". Ieu novel téh kandelna 140 kaca. Ieu novel téh tacan ngalaman citak ulang nepi ka ayeuna.

3.4.2.2 Ringkesan Novel *Marjanah*

Novel *Marjanah* téh nyaritakeun kahirupan Marjanah ti mimiti leutik kénéh nepi ka sawawa. Ti keur leutik kénéh Marjanah téh geus boga pamikiran anu sawawa, bubuhan manéhna téh turunan ménak kawantu diatik ku indungna. Najan ménak tapi Marjanah mah teu sombong, ka sabangsa cacah gé manéhna mah ngahargaan, copélna mah asih pisan ka sasama manusa. Teu kacacah wungkul, dalah ka nu dianggap "gelo" ku urang lembur, ari ku Marjanah mah dipiasih pisan.

Marjanah téh cicing di lembur jeung indung-bapana. Ari campur gaulna teu ukur jeung papada ménak, malah réréana mah jeung bangsa cacah. Kayaning jeung kulawarga Bapa Supi; si Miah, si Sati, Ma Supi. Puguh akur pisan jeung kulawarga Bapa Supi téh. Malah ka Bapa Supi mah, Marjanah téh ngaku sobatna, geus asa ka Bapa deui.

Asih téh teu ukur ka kulawarga Bapa Supi. Ka nu séjén ogé Marjanah mah teu ngabéda-bédakeun. Kungsi hiji mangsa mah di éta lembur téh aya nu gelo, Si Pinuk ngaranna. Ku barudak séjén mah Si Pinuk téh pada digonjak, pada diiringkeun, bari jjingklak, ngararawih. Dianggapna téh Si Pinuk mah ukur kaulinan, lantaran teu gableg pikiran. Tapi ari ku Marjanah mah teu kitu. Ku Marjanah mah Si Pinuk téh "dijalmakeun". Malah waktu Si Pinuk digonjak ku barudak nu séjén, Marjanah anu mimiti ngahulag. Badis pahlawan ngusiran nu ngagonjak ku sorotna nu wiwaha.

Sikep Marjanah nu kawas kitu téh teu nyalahan, lantaran waktu manéhna rék kaséréd ku caah, anu nulungan téh Si Pinuk, ari barudak séjén mah ukur hookeun ningal Marjanah keur muntang kana jukut téh. Lebah dinya, sagélo-gélona Si Pinuk ari dihargaan mah, weléh nulungan ogé.

Enya gé bageur jeung asih ka sasama, tapi nasib Marjanah téh teu salawasna banglus. Malah nasibna mah kasebut peurih. Umur kakara sapuluh taun, Marjanah kudu nyaksian rumah tangga indung-bapana runtag, lantaran bapana kagoda ku

awéwé séjén. Indungna tuluy ditalak ku bapana. Ieu kajadian ogé anu ngamimitian nasib Marjanah jadi kadungsang-dungsang.

Marjanah jeung indungna tuluy balik ka imah éyangna. Teu lila di imah éyangna, Marnajah kudu narima nasibna nu ditiar indungna. Indungna kagegeringan, lantaran teu bisa narima yén salakina geus nikah deui ka nu séjén. Indungna ukur nganti nu teu bisa dianti-anti. Wuwuh matak pikasediheun, Marjanah teu boga puntangan jeung panutan. Indung geus tilar, Bapa geus ninggalkeun manéhna. Ukur éyang istri jeung éyang pameget nu masih kénéh haat ka Marjanah.

Waktu Marjanah umurna geus genep belas taun, Marjanah nuluykeun sakola di Bandung. Cicingna di imah Sulaékin, randa sepuh boga anak dua, ngaranna Sutirin jeung Sudrajat atawa Jack. Bisa disebutkeun cicingna Marjanah di Bandung téh jadi babak anyar pikeun kahirupan Marjanah. Di Bandung Marjanah sakola, boga sobat anyar dina diri Jack jeung Sutirin, bari manggihan hal-hal anu anyar anu teu kasampak di lemburna.

Sutirin jeung Jack téh boga dua karakter nu béda. Sutirin mah lungguh, tapi percéka pangpangna dina urusan bumén-bumén atawa prakna digawé di dapur. Ari Jack mah sabalikna, talédor, males kana digawé, tapi resep heureuy. Ku heureuy téa, Jack mah loba nu mikaresep, da loba baé dongéngna nu lalucu, nu matak pikaseurieun.

Teu lila cicing di Bandung, Marjanah téh narima béja nu pikasediheun deui. Éyang istri anu salila ieu dianggap indung ku Marjanah, tilar dunya. Selang dua bulan ti éta, Éyang pamegetna anu ngantunkeun, ninggalkeun Marjanah salawasna. Haté Marjanah banget ku sedih. Tapi henteu ari ngungun tuluy mah. Puguh kabeberah ku kulawarga anyarna, Sutirin jeung Jack, kawantu Marjanah ogé satuluyna mah boga pagawéan.

Sosobatan jeung Jack téu salawasna harmonis, kitu nu karasa ku Marjanah téh. Da tuluyna mah Jack téh robah adatna. Anu mimitina terus terang, ayeuna mah réa nu disumputkeun. Anu sasarina hégar baé, ayeuna mah gawéna mabok baé. Ari anu jadi sababna mah lantaran Jack téh kagoda pangajak babaturanana pikeun ngalakukeun hal nu nirca. Pikeun nyumputkeun talajakna nu nirca, Jack

tuluyna mah mindeng sumput salindung, malah lamun ditanya naon sababna, Jack malik ngambek ka nu nanya.

Sabot sikep Jack robah ka Marjanah, saterusna Marjanah manggihan sobat anyar dina diri Sutrisna. Tapi lain ukur sobat dina harti sobat, ka Sutrisna mah leuwih kana sobat haté, copélna mah Marjanah téh neundeun haté ka Sutrisna. Padahal mah Marjanah jeung Sutrisna téh anyar panggih, malah panggihan ogé teu kahaja.

Marjanah téh inget ka Sutrisna. Jirimna weléh ngalangkang dina implengan Marjanah. Hayang tepung, hayang gok jeung nu jadi ririwa dina pikiranana. Dina hiji poé, éta kahayang téh katedunan. Ku teu sangka lalaki nu salila ieu ngalangkang dina pikiranana téh sobatna Jack. Tepungna nu kadua antara Marjanah jeung Sutrisna gé kajadianana mah di imahna Jack. Ngahaja Sutrisna téh nganjang ka sobatna, tapi tétéla di imah sobatna ogé awéwé anu kaimpikeun ku Sutrisna téh aya. Tuluy wé duanana umplek ngobrol. Obrolan téh pada-pada nyambung, ma'lum duanana téh padapada résep kana maca buku.

Polah Marjanah anu béda téh katitén ku Jack. Ari Jack ngadak-ngadak ningal Marjanah téh béda, bet aya rasa bogoh ka Marjanah jeung timburu ka Sutrisna sobatna, pedah ningal duanana siga nu pada-pada neundeun asih. Tuluyna mah Jack téh nyuratan Marjanah, ngabéjaan yén manéhna geus lawas resep ka Marjanah. Teu ukur éta, Jack gé ngabéjaan yén Sutrisna téh geus boga pamajikan, Marjanah teu pantes mun resep ka nu boga pamajikan.

Sabada disuratan kitu, Marjanah beuki ambek ka Jack. Ari nu jadi sababna mah lantaran Marjanah téh teu bogoeun ka Jack, kari-kari Marjanah téh dituding rék ngarebut salaki batur. Duanana hoghag, tapi teu katutuluyan da tungtungna mah Jack wakca yén manéhna robah adat téh lantaran éra kungsi ngalakonan polah nu nirca. Sabada wakca kitu mah, haté Marjanah téh leler. Teu ieu ngambek ka Jack, malah Marjanah téh nébongkeun haté nu jembar. Marjanah ngahampura kana talajak Jack, bari manéhna ogé ménta hampura lantaran teu bisa ngarampa haté Jack.

Dina kaayaan haté nu sedih, Mian sobat heubeul Marjanah waktu di lemburna datang ka Bandung. Ari datangna Si Mian téh puguh dijurung ku Bapa Supi, supaya milu digawé di Marjanah, susugan ditarima. Marjanah nu boga haté

jembar, teu nampik datangna Mian. Malah Si Mian téh dibéré pagawéan, sina ngurus kebon Marjanah.

Dina kaayaan séjén, Sutrisna anu sarwa resep ka Marjanah, kudu nyanghareupan kanyataan yén pamajikanana Martilah geus robah adatna. Anu saméméhna micinta pisan ka Sutrisna, ayeuna mah henteu. Hirupna ogé geus aing-ainingan. Martilah geus boga karesep séjén. Mindeng ulin ka luar, mindeng mamantes manéh. Nepi ka hiji mangsa Martilah ulin ka bioskop jeung Jack sarta Sumarni. Tina kajadian éta, tétéla kapanggih yén Martilah téh saenyana mah resep ka Jack. Tapi Jack anu resep ka Marjanah sarta ngaragangan ka nu jadi babaturanana nyaéta Sutrisna, nampik kana cinta Martilah. Martilah tuluy balik dina kaayaan sédih.

Nilik galagat Martilah anu robah, Sutrisna teu cicingeun. Martilah téh ditanya ku Sutrisna, perkara laku lampahna nu robah. Martilah tuluy ngabudalkeun eusi haténa, nyaéta kahayang manéhna anu sukan-sukan téh teu kungsi ditedunan ku salakina. Sutrisna kacida sedihna, dina kaayaan kitu Sutrisna panggih deui jeung Marjanah di jalan Braga. Di dinya duanana pada pada ngedalkeun keretegna. Duanana pada pada miasih, tapi duanana ogé sadrah kana asihna anu teu bisa ngahiji. Dina suratna Sutrisna tuluy mutuskeun pisah, moal nepungan deui Marjanah.

Di imah Marjanah, indung kukutna keur sedih dikantun Jack ka Jakarta. Jack rék nuluykeun deui sakolana. Jack ogé ngarasa sedih lantaran kudu ninggalkeun Marjanah, wanoja nu salila ieu ngeusian lolongkrang keueung haténa. Tapi éta kasedih téh tuluy disingkahkeun, lantaran manéhna geus jangji ka Marjanah baris jadi jalma bageur jeung bener. Manéhna ogé bisa ngayakinkeun Marjanah yén salila sakola cintana moal robah ka Marjanah.

Kacaritakeun Jack téh geus dua taun di Jakartana. Keur uleng jentul di kamarna, bet aya sora wanoja nu keketrok kana pantona. Panyangkana mah éta téh Marjanah, tapi barang dibuka ana bréh téh Martilah. Martilah ngahaja ka Jakarta, hayang nyusul lalaki pujaanana. Martilah milih pisah jeung salakina. Nya tungtuna mah Martilah jeung Jack téh hirup babarengan. Ari Marjanah harita masih lalagasan.

Kacaritakeun Marjanah téh boga maksud ngalamar pagawéan pikeun ngajar basa Walanda ka istri Sunda di bumina van Reewijk. Ana geus nepi imahna van Reewijk, Marjanah sakitu reuwasna lantaran anu rék diajar téh sobatna kénéh waktu keur leutik, nyaéta Sati anakna Bapa Supi. Atuh batan rék diajar-ngajar, dunana kalah sosonoan heula. Uplek ngobrolkeun lalakon hirup.

Béja panggihna Marjanah jeung Sati téh tuluy ditepikeun ka lanceukna Si Mian. Si Mian kacida bungahna, teu talangké deui manéhna langsung ngajugjug imah van Reewijk. Anu maksud hayang tepung jeung nu jadi adina, Si Mian kalah meunang polah sabalikna. Si Mian diusir lalakon dasar ku Nyi Sati. Nyi Sati embung ngaku yén éta téh lanceukna. Si Mian tuluy balaka ka Marjanah. Marjanah kacida ambekna, tuluyna mah Marjanah téh nyuratan ka van Reewijk, anu eusina moal tulus ngajar basa Walanda di imah manéhna.

Dina pamungkas carita, waktu Marjanah diuk dina korsi kebon, waktu Marjanah nyulam songkétan kulambu, Sutrisna datang. Marjanah atoh kacida, sirikna Marjanah téh tepi ka ngarangkul Sutrisna. Sutrisna tuluy balaka ngeunaan dirina jeung Martilah. Tuluy pamungkasna Sutrisna ogé balaka hayang ngawin Marjanah. Nya ku Marjanah téh tuluy ditarima.

3.5 Léngkah-léngkah Ngolah jeung Ngaanalisis Data

Ari léngkah-léngkah ngolah jeung ngaanalisis datana, dipérélékeun saperti ieu di handap.

- 1) milah-milah data dumasar struktural jeung féminisme;
- 2) maluruh téma jeung fakta carita (galur, latar, jeung karakter) tina novel *Marjanah*;
- 3) maluruh sawangan lalaki ngeunaan wanoja alam harita;
- 4) maluruh citra wanoja tina novel *Marjanah*;
- 5) maluruh stéréotip wanoja tina novel *Marjanah*; jeung
- 6) ngadéskripsikeun, nafsirkeun, tur nyindekkeun data nu geus diolah.